



Ti Sibvansyon pou Rete Byen Aji Byen Enfòmasyon sou Aplikasyon pou 2022-2023

Pwojè pou fè pwomosyon Sante mantal ak Byennèt tout moun ak pwofesyonèl Ki rete nan Palm Beach County

Bon lide kapab soti nenpòt kote, se pou sa nou envite Moun, Gwoup ak Oganizasyon pou di nou ki nouvo fason yo wè nou kapab sipote Sante Mantal Kounyeya ak nan lavni

Kisa kominote nou an bezwen ? Kilès ou kapab ede ?

Ki sa ki ka fè yon enpak pozitif nan swen sante mantal ak byennèt nou pou lavni ?

BeWellPBC ap envite nou pataje lide tou nèf nou genyen kòmanse nan dat 7 Fevriye !

N ap envite tout moun, gwoup ak òganizasyon ki nan Palm Beach County pou aplike :

- Moun ki rete nan Palm Beach County (kèlke swa laj) – Yo pa bezwen afilye ak òganizasyon
- Group ki nan kominote a
- Oganizasyon relijye yo
- Oganizasyon ki pa la pou fè pwofi tankou ki gen estati 501(c)(3)
- Biznis ki vize fè pwofi
- Lekòl ak lòt òganizasyon edikatif
- Minisipalite Lokal yo

Aplike pou kont ou oswa ak patnè. Nou renmen lè moun travay ansanm !

Nou vle ou sonje :

- Sipòte Rezidan Palm Beach County ansanm ak pwofesyonèl ki nan nesosite.
- Ankouraje solisyon kreyatif pou sante ak byennèt mantal Fokis sou domèn tankou :
 - Bati yon kominote k'ap sipòte youn lòt
 - Fokis nan ede vwazen ki nan bezwen
 - Sipòte byennèt travayè yo
- Onore Ekite ak enklizyon
- Pwopozite aktivite gratis pou rezidan yo patisipe – nou pa vle nou fè aktivite pou n rantre kòb silvoulè
- Se pou aktivite yo devlope epi reyalize nan yon ane lè nou fin genyen sibvansyon an

Soumèt nan entènèt Sèlman www.bewellpbc.org/dowellgrants jiska 5 Mas a 1:59pm (san eksepsyon)

Nou vle ou konnen :

- Nou ta renmen rankontre avèk ou e tannde ide w yo. Tout aplikan dwe patisipe nan yon sesyon
- Kesyon - Repons kap fèt nan entènèt swa 15 Fevriye oswa 23 Fevriye a 5 : 30 nan apre midi. Tanpri anregistre pou ou kapab patisipe nan <https://bewellpbc.eventbrite.com>
- Nou envite moun oswa oganizasyon ki nan Palm Beach County pou aplike.
- Nou renmen lide endividyèl / Gwoup oswa Oganizasyon ! Nou renmen kolaborasyon !
- Nou ankouraje lide kreyativ ak lide tou nèf ki ka rapòte nou jiska 5 mil dola.
- Nou la pou sipòte nou pandan nap fè aplikasyon an. Silvoulè imèl nou nan dowellgrants@bewellpbc.org pou nenpòt kesyon oswa konsèn nou ta genyen.

**Note : si ou vle aplike pou òganize yon seri podcast, chèche fèy enfòmasyon podcast la sou sit entènèt nou an.
Gwo Objektif BeWellPBC**

Yon kominote kote chak moun nan Palm Beach County santi yo gen espwa, sipòte, konekte ak pouvwa.

www.BeWellPBC.org * dowellgrants@bewellpbc.org